Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН



Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

sadovoduns@yandex.ru

№ 50 (7242) 29 ноябрь Талат 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ

## Культураялъул хIалтIул даража борхиялъе



Араб анкьалда Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялда букIана «Традиционная культура Республики Дагестан, как важная составляющая часть межнационального согласия на примере работы Центров традиционной культуры народов России» абураб темаялда семинар. Гьелъул хIалтIулъ гIахьаллъи гьабуна культураялъул министр З. Бутаевалъ, националияб политикаялъул министр Т.Гамалейица,гIолилазул ишазда хурхун министр А. ХIажиевас ва гь. ц. Нилъер районалдасан гьенив гIахьаллъана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев ва цо-цо культураялъул хIалтIухъаби.

Семинаралда хъатIана кIвар цIикIкIарал темабазда. КIвар кьуна цIи гIуцIарал Центразде. Гьел гьанжеялде республикаялда гIуцIун руго 300 ялдаса цIикIкIун, гьездаго цадахъ г1уц1ун руго 52 ЦТКНР, ай районалъул ва росабазул звенаби. Гьел ва «Наследники» гIолилазул секторал гIуцIулел руго Дагъистаналъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул хIаракаталдалъун.

З. Бутаевалъ тадбиралъул ахиралда шапакъатал ва баркалаби кьуна мисал бихьизабурал гIадамазе. Гьеб щвана нилъер культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевасеги.

## Диниял церехъабазулгун дандчIвай

(Районалда - Муфтияталъул МугIузул округалъул вакил)



23 ноябралда районалде вачIун вукIана РДялъул Муфтияталъул МугIрузул округалдла вугев вакил ХIасан-хIажи МухIамадов. Гьевгун цадахъ районалъул учреждениял – организациязул хIалтIухъабигун районалъул имамасул зам. ХI. ГIисаев, Шамильхъалаялъул имам М-З. НурмухIамадов. Гьениб муфтияталъул вакилас тIадчIей гьабуна нилъеда хIалалабги хIарамабги батIа бахъизе лъазе ккеялъул, цоцалъ гьуинго рукIине ккеялъул. «Къуръаналда абун буго: чияр, ай ритIухълъи гьечIого балагьараб жо хIалтIизабуге» (Бакъара – I88). Гьединго гIалимчияс кIвар кьуна хIакимзабаз хIакимлъи ракI бацIцIадго тIубазабизе ккеялде, гIадамазул тIалабал ритIун тIуразе ккеялде. Гьез хIарамазул суалал кьуна, ахиралда районалъе, дуниялалъе лъикIаб дугIаги гьабуна.

## Комиссиялъул данделъи

Гьал къоязда райадминистрациялда букIана саназде рахинчIел лъималазул, гьел ва гьезул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъул данделъи. Балагьиялде босун букIана чанго суал. Гьаб соналъул ичIго моцIалъ гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна комиссиялъул бетIереай специалист П. НурмухIамадовалъ. Гьединго заседаниялда гьоркьоб лъуна органаз ва учрежденияз лъимал цIуниялъул мурадалда «Защита» операция районалъул территориялда тIобитIулаго гьабураб хIалтIул суалги.

Районалда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ замасул ишал т1уралев М. ХIамзатовас бицана комиссиялъул хIалтIухъаби АТКялъул жавабиял гIадамалгун цадахъ росабалъе щолин, гьениб I8 сониде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIасил кьолеб хIалтIи гьабулин. Гьенибго саназде рахинчIел лъималазул административиял делаби гьариялъул бицана комиссиялъул пред. М.



ХIасановалъ.

Заседаниялда рорхана цогидалги суалал. Бихьизабуна хъаравуллъиялде гьоркье босизе школазул социалиял педагогазул ва психологазул хIалтIи.

## Информационнияб хъулухъ - Генуб

Гьал къоязда районалъул Цогояб информационнияб хъулухъалъул хIалтIухъаби щвана Генуб ва Заманаялъулаб поселокалъул учреждениял-организациязде. Сапаралда рукIана информационнияб хъулухъалъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаев, районалъул «Ахихъан» газеталъул бетIерай редактор С. КъебедмухIамадова, специалист ХI. ХIайбулевги.

ДандчIвай байбихьана Генуб гьоркьохъеб школалдасан. Гьениб педагогазда М-Н. ХIайбулаевас бицана сайтал хIалтIизариялъул, гьел хIалтIизарулаго этическияб рахъ цIунизе ккеялъул. С. КъебедмухIамадовалъ тIадчIей гьабуна ахирияб заманалда печаталъул хIалтIулъ ругел хиса-басиязда бицана «Ахихъаналъе» подписка унеб бугеб куцалъул, сайтазул хIалтIуе кумек гьабуна ХI. ХIайбулаевас.

ДандчIваял гьаруна росдал администрациябазда, поселокалъул школалда, кIиябго ясли-ахикьги. Гьенирги гара-чIвариял гьаруна сайтал хIалтIизарулезулгун, ричIчIизаруна гьеб хIалтIулъ ругел цIилъабазул, ахIана цIалдохъабазда гьоркьоб интернет хIалтIизабулаго этическияб рахъ цIуниялда хурхун бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабиялде.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 50 (7242)*

*29 ноябрь 2016 сон*

2 гьумер

***Дуда эбелалъул берал рихьанищ***
***Балагьун гIорцIичIел гIумроялъго духъ?***
***Дуда эбелалъул кверал рихьанищ***
***Кинабго дуе кьун, ракъван тIагIарал?***

*ЖабрагIил ХIАСАНОВ*



# «Дуда эбелалъул берал рихьанищ»?

(27 ноябрь - улбузул къо)

## Улбузул праздник

Хириял руччаби, улбул!

«Унсоколо район» МОялъул администрациялъул хIалтIухъабазул, районалъул депутатазул Собраниялъул, дирго рахъалъги ракI-ракIалъ баркула тIолалго районалъул руччабазда гьайбатаб праздник – эбелалъул къо!

Гьеб ккола дунялалда тIадго бищунго хинаб, рекIее бищунго хириял нилъер улбузул праздник. КIудияб, хирияб нилъер улбузул рокьиялъ киниялдаго хинлъизарула нилъ, кумек гьабула гIумроялъул квекIенал нахъчIваялде божизе. Чан сон нилъеца баниги – эбелалъул лъикIаб рагIи, гьелъул хинаб балагьи, гIакъилаб малъи хIажалъула щибаб лъимадуе ва чIахIиязе.

Ахираб заманалда хъизаналъулги, эбелалъулги, лъималазулги суалалде кIвар кьун буго улкаялъул социалияб политикаялъулъ. Нилъер районалдаги соналдаса соналде гIемерлъулел руго гьарулел хъизанал, лъимал. Гьаб унеб соналда районалда гьабуна 364 лъимер. Эбелалъулаб капитал гьаб соналда щун буго I65 хъизаналъе. Социалияб льготабаздалъун ва материалияб кумекалдалъун хьезарун руго 838 гIемерлъимал ругел хъизанал.

Нилъеца жигараб хIалтIи гьабулеб буго школалда цересел учреждениял щибаб лъимадуе щвеялъе, гIемерал росабалъ руго лъималазул ахал. Шамильхъала поселокалда къачIазе хIисабалде босун буго цо ясли-ах, исана «Колобок» ясли-ах рагьана Генуб заманаялъулаб поселокалда.

Хириял руччаби, хадурккунги нуж божун рукIине бегьула нужер ракIазе хIалхьи букIиналъе г1оло нижеца кинабго гьабизе бук1иналда.

Хириял улбул, къабул гьабе эбелалъулаб бахIарчилъиялъухъ гIодоб наку чIван нужер гьабулеб хIурмат. Бищунго хIеренал рагIаби абизе бокьун буго лъимал гIемерал улбузда, бесдал лъималазул улбуллъун рахъаразда. РакI-ракIалъ гьарула щулияб сахлъи, унго-унгояб эбелалъулаб талихI, рохел, битIккей, рукIинесел анищазе божилъи. Нужер хъизаназда букIине биччанте кидагосеб дандеккей, рокьи, рекъел! Биччанте нилъер лъимал рукIине нуж рокьулеллъун, баркала бугеллъун! Рохун таги нуж!

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## ГIадада араб гIумро

(ХIакъикъиб хабар)

Сордо рогьинегIан бер данде бачинчIо Аминатица. Сас къотIараб сардилъ гьелъул гIинда жанир зур-зудулел букIана ОМОНалъулаз пасат гьарун рукъзал хъирщараб куц, полициялъулазгун ФСБялъ кьурал суалал, щиб-кинан имгIаласухъе йортидал «Дур васас хIетIе терроризмалъул бо лъода лъун бугелъулха»,-ян кьураб жаваб,

ЧIалгIараб бусадаса тIадеги яхъун, гьалъ бигьа гьабун хIевул чирахъ бакатIаде босараб хIалтIиги лъугIизабун, шагьаралде инин пикрабалъ йикIарай Аминат туркIизаюна ракIалдаго гьечIого бахъараб телефоналъул гьаракьалъ. Трубка кодобе босидал гьа лъул гIундузда рагIана «чанго къо буго дур вас цIалуде вачIинчIого, гьесул хIакъалъулъ гьалмагъзабазда лъалеб жо гьечIо»,-ян факультеталъул методисталъ рах1ат хун абулеб...

БухI-бухIун босун ана Аминатил ракI, ахирияб заманалда ругел диниял рикьалабиги, васасул цIиял гьалмагъзабиги цебего рекIеда тункун букIана гьалъул. – Унго анадай квешаб нухдасан!



Рогьана пикрабаз кIвекIараб сордо, сун ана бухIун тIагIараб хIевул чирахъ, хадубккун жиндир гIумроялъул щибго лъикIаб жо букIунгутIи бичIчIараб гIадин угьун хIухьел биччана Аминатица. Цо сардида жанир на ва магIна гьечIого араб гIолохъанаб гIумроялъул пикрабаз кверде йосана. Цебесан паркъана школалда ахириседаб цIумур кьабурабго учительница лъун яхьине рекIелъ тIегьараб анищ гIумроялде бахъинелъун цIализе ине бокьун бугин эбелалда абидал, «инсуца дур рагIи ХIажил МухIамадие бицун бугин, дир яс, гьезул цонигияе ясал цIалиги данде кколарин» кьураб жаваб. Гьекъолев, цIалев, рукъалда цIилъи чIвазе течIого тира-сверулев росасда щим бахъун чанцIулго биххараб рукъ, инсул хинлъи лъачIого гIезавурав вас Шамилица ритIухъ гьаричIел анищал...

Аминатица анищ гьабулеб букIана рукъ биххун хадуб шагьаралда тирасверун гIумро тIамулаго нухда авария ккун, гIумроялъул магIна бичIчIичIого хварав инсуда релъинчIого Шамиль бичIчIи бугев, захIматалъулъ цо рахъ ккурав, гIадамаз адаб-хатир гьабулевлъун гIезавизе. ГЭС балел саназда ремонталъулал хIалтIаби гьарун гьелъ щибго захIмалъи лъазе течIо гьеседа, лъикIаб ретIун, лъикIаб кваназе кьун хьихьана. Школалдаги гьев квеш цIаличIо. ЗахIмат бихьун жинцаго ралагьарал гьурщал кьун, лъуна педагогическияб институталда цIализе, анкьи-анкьие гIарац битIана хадуб, хIадурун компотал, бакьвазабун гьан, кинабго чIезабуна васасда хадуб…

Васасул цIалул бугеб халги лъазабилин, гьесие ретIел-тIехги босилин гьаб рукIкIалаби рехана гьелъул гьурмаде, хъахIлъи рештIана чIегIерал расазулъ. Бищунго хIалхьи толеб букIинчIо щиб васасе лъугьарабали лъалеб гьечIолъиялъ. «Лъида гьесул гьикъилеб, кисан кумек батилеб?!

РакIалдаго гьечIого нуцIида кIутIана. Квешалдехун ракI гIагарлъарай Аминатил чорхолъа рухI босун ана, кин бугониги къеда кверги чIван ахIана «щив»? абун.

-Рагье, Аминат, дун йиго,-ян рагIана гьалъул лъикIай гьудул ПатIиматил гьаракь.

-НуцIа рагьун гьей жание йиччалей Аминатил гьурмада букIана нусго суал, гьалъухъа хIалица абун борчIана, «бице щиб ккараб?»,-абун.

-Дур ракI бакъвазабизе бокьун букIинчIо, кин бугониги…-ян кIалъазе бачIунарого хутIун йикIана ПатIимат.

Кьерхараб сордоялъул кьогIлъи къулчIарай Аминатица тIолабго къуват бакIарана квешаб хабар хIехьезе ва «хIинкъуге, бице»,-ян щурана.

-Дур васги чанго росулъа васги Сириялде лъутун ун руго, тIокIаб дида лъалеб жо гьечIо,-ян щурун гIадин абуна ПатIиматица.

Аминатида бичIчIана жиндир бихьараб захIмат гIадада хвараблъи ва бокьараб къоялъ дагьабги квешаб хабар тIаде бачIине бегьулеблъи.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

## Дагъистаналъул улбузул форум

23-24 ноябралда МахIачхъалаялда гьудуллъиялъул Рокъоб букIана «Россиялъул букIинесеб – эбелалъул кверазукь»,-абураб 20I6-20I7 соназдa Дагъистаналъул гражданлъиялъулаб общество батIи-батIиял программабазда рекъон цебетIеялъул регионазда гьоркьосеб форум. Аслияб мурад гье лъул букIана чIужугIадан-эбелалъул роль обществалда, ТIолгороссиялъул социалиябгун культурияб г1умроялда борхизаби.

Форумалда гIахьаллъана Дагъистаналъул БетIер Р. XI. ГIабдулатIипов. Нилъер районалдаса I5 чIужугIадан-эбелалъ ва районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасги гIахьаллъи гьабуна гьениб.

Форумалда кIалъалаго Р. ГIабдулатIиповас ТIолгороссиялъул «Россиялъул руччаби» багъа-бачариялъул пред. Валентина Петренкоца, Россиялъул халкъазул Ассамблеялъул пред, Светлана Шариповалъ ва гIемерал цогидазги цIикIкIарал кIваразул масъалаби цере лъуна руччабазда, рихьизаруна гьезул ракI-ракIалъулаб хIалтIул бугеб кIваралъул.

Форумалда букIана шапакъатал кьей, хадуб секциялъулал хIалтIаби.

Утвержденоешением Собрания депутатов
МО «поселок Шамилькала»
от 28.11.2016 года № _2____

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

### о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «поселок Шамилькала» Собрание депутатов муниципального района объявляет конкурс по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «поселок Шамилькала».

Дата проведения конкурса - 28.12.2016 г.
Срок приема документов:
дата начала приема документов - 01.12.2016 г
дата окончания приема документов- 21.12.2016 г.

1.Конкурс на должность главы муниципального образования «поселок Шамилькала» проводится в администрации сельского поселения (по адресу: 368950, п.Шамилькала , здание администрации муниципального образования).

2.Прием документов, подлежащих представлению кандидатами на должность главы муниципального образования «поселок Шамилькала» в конкурсную комиссию, осуществляется в кабинете заместителя главы администрации поселения с 10:00 часов до 16:00 часов ( перерыв с 12:00 до 13:00).

3.Кандидатам на должность главы муниципального образования «поселок Шамилькала» необходимо руководствоваться Положением о порядке отбора кандидатур на должность главы муниципального образования «поселок Шамилькала», утвержденным решением Собрания депутатов муниципального образования «поселок Шамилькала» от _28.10__2016 г. №__1___

Утверждено решением Собрания депутатов
МО «сельсовет Кахабросинский»
от 28.11.2016 года № _9____

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

### о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Кахабросинский» Собрание депутатов муниципального района объявляет конкурс по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Кахабросинский».

Дата проведения конкурса - 28.12.2016 г.
Срок приема документов:
дата начала приема документов - 01.12.2016 г
дата окончания приема документов- 21.12.2016 г.

1.Конкурс на должность главы муниципального образования
«сельсовет Кахабросинский» проводится в администрации сельского поселения (по адресу: 368943, с.Кахабросо, здание администрации муниципального образования).

2.Прием документов, подлежащих представлению кандидатами на должность главы муниципального образования «сельсовет Кахабросинский» в конкурсную комиссию, осуществляется в кабинете заместителя главы администрации поселения с 10:00 часов до 16:00 часов ( перерыв с 12:00 до 13:00).

3.Кандидатам на должность главы муниципального образования «сельсовет Кахабросинский» необходимо руководствоваться Положением о порядке отбора кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Кахабросинский», утвержденным решением Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Кахабросинский» от __07.11___2016 г. №_7__

Утверждено решением Собрания депутатов
МО «село Ирганай»
от 28.11.2016 года № 13

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

### о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Ирганай» Собрание депутатов муниципального района объявляет конкурс по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Ирганай».

Дата проведения конкурса - 28.12.2016 г.
Срок приема документов:
дата начала приема документов - 01.12.2016 г
дата окончания приема документов- 21.12.2016 г.

1.Конкурс на должность главы муниципального образования «село Ирганай» проводится в администрации сельского поселения (по адресу: 368942, с.Ирганай , здание администрации муниципального образования).

2.Прием документов, подлежащих представлению кандидатами на должность главы муниципального образования «село Ирганай» в конкурсную комиссию, осуществляется в кабинете заместителя главы администрации поселения Исаева А. с 10:00 часов до 16:00 часов ( перерыв с 12:00 до 13:00).

3.Кандидатам на должность главы муниципального образования «село Ирганай» необходимо руководствоваться Положением о порядке отбора кандидатур на должность главы муниципального образования «село Ирганай», утвержденным решением Собрания депутатов муниципального образования «село Ирганай» от 18.09.2016 г. № 12

Утверждено решением Собрания депутатов
МО «сельсовет Майданский»
от 28.11.2016 года № __21___

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

### о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Майданский» Собрание депутатов муниципального района объявляет конкурс по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Майданский».

Дата проведения конкурса - 28.12.2016 г.
Срок приема документов:
дата начала приема документов - 01.12.2016 г
дата окончания приема документов- 21.12.2016 г.

1.Конкурс на должность главы муниципального образования «сельсовет Майданский» проводится в администрации сельского поселения (по адресу: 368944, с. Майданское , здание администрации муниципального образования).

2.Прием документов, подлежащих представлению кандидатами на должность главы муниципального образования «сельсовет Майданский» в конкурсную комиссию, осуществляется в кабинете заместителя главы администрации поселения с 10:00 часов до 16:00 часов ( перерыв с 12:00 до 13:00).

3.Кандидатам на должность главы муниципального образования «сельсовет Майданский» необходимо руководствоваться Положением о порядке отбора кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Майданский», утвержденным решением Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Майданский» от _18.09___.2016 г. №_20___.

Утверждено решением Собрания депутатов
МО «сельсовет Иштибуринский»
от 28.11.2016 года № __9___

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

### о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Иштибуринский» Собрание депутатов муниципального района объявляет конкурс по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Иштибуринский».

Дата проведения конкурса - 28.12.2016 г.
Срок приема документов:
дата начала приема документов - 01.12.2016 г
дата окончания приема документов- 21.12.2016 г.

1.Конкурс на должность главы муниципального образования «сельсовет Иштибуринский» проводится в администрации сельского поселения (по адресу: 368943, с. Иштибури, здание администрации муниципального образования).

2.Прием документов, подлежащих представлению кандидатами на должность главы муниципального образования «сельсовет Иштибуринский» в конкурсную комиссию, осуществляется в кабинете заместителя главы администрации поселения с 10:00 часов до 16:00 часов ( перерыв с 12:00 до 13:00).

3.Кандидатам на должность главы муниципального образования «сельсовет Иштибуринский» необходимо руководствоваться Положением о порядке отбора кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Иштибуринский», утвержденным решением
Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Иштибуринский» от _28.10__2016 г. №__8__

Утверждено решением Собрания депутатов
МО «село Гимры»
от 28.11.2016 года № _2____

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

### о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гимры» Собрание депутатов муниципального района объявляет конкурс по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гимры».

Дата проведения конкурса - 28.12.2016 г.
Срок приема документов:
дата начала приема документов - 01.12.2016 г
дата окончания приема документов- 21.12.2016 г.

1.Конкурс на должность главы муниципального образования «село Гимры» проводится в администрации сельского поселения (по адресу: 368951, с.Гимры , здание администрации муниципального образования).

2.Прием документов, подлежащих представлению кандидатами на должность главы муниципального образования «село Гимры» в конкурсную комиссию, осуществляется в кабинете заместителя главы администрации поселения с 10:00 часов до 16:00 часов ( перерыв с 12:00 до 13:00).

3.Кандидатам на должность главы муниципального образования «село Гимры» необходимо руководствоваться Положением о порядке отбора кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гимры», утвержденным решением Собрания депутатов муниципального образования «село Гимры» от _25.10_2016 г. №14

Утверждено решением Собрания депутатов
МО «сельсовет Араканский»
от 28.11.2016 года № __21___

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

### о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Араканский» Собрание депутатов муниципального района объявляет конкурс по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Араканский».

Дата проведения конкурса - 28.12.2016 г.
Срок приема документов:
дата начала приема документов - 01.12.2016 г
дата окончания приема документов- 21.12.2016 г.

1.Конкурс на должность главы муниципального образования «сельсовет Араканский» проводится в администрации сельского поселения (по адресу: 368943, с.Аракани , здание администрации муниципального образования).

2.Прием документов, подлежащих представлению кандидатами на должность главы муниципального образования «сельсовет Араканский» в конкурсную комиссию, осуществляется в кабинете заместителя главы администрации поселения с 10:00 часов до 16:00 часов
( перерыв с 12:00 до 13:00).

3.Кандидатам на должность главы муниципального образования «сельсовет Араканский» необходимо руководствоваться Положением о порядке отбора кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Араканский», утвержденным решением Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Араканский» от _17.10___2016 г. №__8___

# АхIмад ГIамирхановасул юбилеязда

Араб анкьалда жиндир-го гIумроялда кIицIулгосеб байрам кIодо гьабуна ни лъер ракьцояв, машгьурав поэт- композитор АхIмад ГIамирхановас, ай букIана гьесул творческияб гIумроялъ 40 сон, гIумроялъул 60 сон тIубаялъул юбилеязда хурхараб концерт. ЦIураб залалда букIана хинлъи, санагIалъи, гIагараб мацIалде ва культураялде рокьи. Гьесул рохел бикьизе рачIун рукIана ракьцоял ва творчество бокьулел.

Концерталда рукIана «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул вакилзабиги. БетIерасул цIаралдасан А. ГIамирхановасда юбилей баркана муниципалитета лъул культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас ва гьарана гьесул творчествалъе цебетIей. Гьеб къоялъ сценаялдасан цере рахъана анцI-анцI машгьурал артистал, бицана гьесул гIумроялъул ва творчествалъул. Вечералда А. ГIамирхановасе кьуна Россиялъул Хъвадарухъабазул Союзалъул членасул удостоверение.



АхIмад ГIамирханов гьавуна 1955 соналда Унсоколо росулъ. ЛъугIана Дагъистаналъул пединститутальул музыкалияб факультет. ЦIалулеб мехалъ Р. ХIамзатовасул «Хъваге дихъе кагъат», ГI. Дагановасул «ГIумрудул байбихьи» абурал кучIдузе хъварал бакъналгIадамазда гьоркьор лъугьана машгьураллъун. Гьев ккола «РекIел улка», «АхIулгохIалъул кучIдул» тIухьдузул авторги. ГIамирхановасул кучIдул гIемер ахIула концертазул залазда. Гьес I985 соналдаса нахъе кумек гьабулеб буго авар музыкалиябгун драматическияб театралъе. Хъвана М-С. ЯхIяевасул «Берцинал ясал хъамулеб куц» ва цогидалги спектаклязе бакънал, буго жиндирго музыкалияб студия, хIаракаталда хIалтIула творческиял гIолилалгун.

# Больницаялъул нухмалъулезе рецц-бакъгун

(РДялъул БетIерасул курсалъул рахъ кколезулгун дандчIвай)



Араб анкьалда Унсоколо росулъ бугеб районалъул Централияб больницаялда букIана МугIрул округалда бугеб РДялъул бетIерасул курсалъул рахъ кколезул ДРООялъул вакилзабазулгун дандчIвай. Гьениб общественнияб багъа-бачариялъул нухмалъулев ХI. МухIамадзагьидовас республикая лъул БетIерасул курс битIун бачиналъе гьабураб хIаракатаб хIалтIуе гIоло ХIурматалъул грамота кьуна ЦРБялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъе. МухIамадзагьидовас гьенибго бихьизабуна больницаялда хIалтIи гIуцIун бугеб куцалдаса, гьениб бугеб хинаб ахIвал-хIалалдаса разиго ругин гьенире ккарал, ГI. МухIамадовалъул персоналалдехун ва унтараздехун бугеб бербалагьиялъги рази гьарулин. «Нилъ, киналго гIадамал хIажалъулел руго нилъедехунго хIалимго хIеренго рукIиналде. Хасго больницаялде ккарал унтаразе бокьула гьенир хIалтIулездасан хинал рагIаби рагIизе. хасго ПIайшат хIеренго дандчIвала жиндирго пациенталгун, гьезие кумекалъе кидаго ятула. Кутакалда гIемераб хIалтIи гьабун буго бетIерай врачалъ больницаялда. ГIадамал разиго руго гьелъул хIалтIудаса. Жакъа ракIракIалъ баркала кьезе бокьун буго ГI. МухIамадовалъе гьелъул унго-унгояб махщалихъ, гIаданлъиялъухъ,-ян абуна ХI. МухIамадзагьидовас.

ЛЪАЗАБИ

I992 соналъул 6 июналда Шамильхъала гьоркьохъеб школалъ АхIмадова Аймесей АхIмадовналъул цIаралда кьураб А сериялъул II 4202 бугеб аттестат тIагIун буго. Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

Спорт

# ГIолилазул лъикIал хIасилал

Дагъиситан машгьураб буго спорталъул батIи-батIиял тайпабаздалъун. Хасго цебе тIураб буго ва мисалияблъун хутIула эркенаб гугари, цогидал тайпабазул речIчIиялъул къагIидаби, волейбол, футбол, бокс, цересел гIасрабазго машгьураб букIана чуял риччай, гамачI рехи, рекери, кIанцIи, копье рехи, чIорбутI речIчIи ва гь. ц.

Гьале ахириял соназда Дагъистаналда цIидасан байбихьана чIорбутI речIчIи цебетIезе. Дагьабго заман гурони ругьунлъизе бан гьечIониги, нилъер районалъул Колоб росулъа Набиев Шамилица рихьизарулел руго чIорбутI речIчIиялъул рахьалъ лъикIал хIасилал. Дагъистаналда гьев вахъана кIиго нухалъ чемпионлъун. Республикаялда тIобитIараб СКФОялъул къецазда 20I5 соналда МахIачхъала шагьаралда ккуна тIоцебесеб бакI. Нальчикалда тIоритIарал къецазда рагьараб турниралда ва Нальчик шагьаралъул тIоцебесеб бакIалъе гIоло къеркьеялда Шамилица гьаб соналда ккуна кIиабилел бакIал. Гьединго Буйнакскиялда тIобитIараб рагьараб турниралда ккуна мустахIикъаб кIиабилеб бакI. Хасго Шамилида ракIалдаса унареблъун буго басрияб Зубутли ва Дубкиялда тIоритIарал «Каньён 20I6» абураб халкъазда гьоркьосел къецал ва гьениб щвараб тIоцебесеб бакI.

Шамилида ва гьесул тренер ГIабасов Мурад ГIалигьалбацIовичасда, гьевги ккола гьебго Колоб росулъа, баркула гьел бергьенлъаби, гьарула чорхое сахлъи, рохел, аваданлъи, спорталъулъ цебетIей. Аллагьас къуват кьеги нужее нилъер район Дагъистаналда ва дунялалдаго машгьур гьабизе!

* * *

Гьаб соналъул 3-7 августалда Избербаш шагьаралда «Чемпионат и первенство Кавказа»,-абураб кикбоксингалъул къецазда ХъахIабросулъа гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан МухIамадов АхIмад МухIамадовичас 54 кг. цIайиялда ккуна мустахIикъаб лъабабилеб бакI. Гьединго АхIмадица МахIачхъала шагьаралда гьаб соналъул 3 ноябралда тIоритIарал къецазда ккуна кIиабилеб бакI. Баркула АхIмадида ва тIолабго школалъул коллективалда, гьединго гьесул тренер ГIалиев Сайгид МухIамадовичасда бергьенлъаби ва гьарула хадурккунги гьезие спорталъул чIахIи-чIахIиял бергьенлъаби!

***С. МУХIАМАДОВ.***

# Нухаздаса рохун руго

Щибаб къойил гIадин телевизоралдасан Россиялдаго батIи-батIиял шагьаразда бихьизабула нухазул бугеб лъикIаб гьечIеб ахIвал-хIал. Гьединабго ахIвал-хIал буго Дагъистаналъул батIи-батIиял шагьаразул бакI-бакIаздаги. Хасго лъикIаб хIал букIунаро мугIрузул районазде ва росабалъе унел нухазул. АбичIого гIоларо Дагъистаналъул пачалихъалъул кIвариял нухазул Агентсвоялъул нухмалъулев Хочбаров Загьид ХIажиевич ккаралдаса нухазул ахIвал-хIал гIезегIанго лъикIаб рахъалдехун хисанилан. Гьеб берда бихьулеби буго. Масала, МахIачхъалаялдаса Каспийскиялде, МелъелтIе, Болъихъе, ЛъаратIе, Хунзахъе нухазухъ балагьун.

Нижее гьаниб тIадчIей гьабизе бокьун буго Загьидил нухмалъиялда нилъерго районалъул Бекьилъ росулъа Хасавюрталда гIумро гьабун вугев – нухазул бугеб хIалалъул хал гьабулеб ГКУялъул нухмалъулев ГIалиев Шамил ХIаидовичас, ОАО «Унцукуль ДЭП № 36» гIуцIиялъул нухмалъулев АхIмадов МухIамадгIали АхIмадовичгун цадахъ Унсоколо росдада тIадехун ругел росабалъе: ХъахIабросулъе, ЦIатIанихъе, ИштIибурие, Колобе, ИнкIкIвалитIе, Бекьилъе нухал къачIаялъул хIакъалъулъ. Хасалихъе заман бугониги къокъаб заманалда жаниб нухал къачIан, ритIизарун, гвендал лъугIизаруна Унсоколоса ХъахIабросулъе щвезегIан. ТIасияб соналда гьезда ракIалда буго цогидал росабалъеги гьединго нухал къачIазе.

ХахIабросдерил жамагIаталъ кIудияб баркала загьир гьабулеб буго З. Хочбаровасе, Ш. ГIалиевасе, М-ГI.АхIмадовасе ва гьезул тIолабго коллективалъе.

Гьарула щивасе чорхое лъикIаб сахлъиги, сахаватлъиги, халатаб гIумроги, гьабулеб лъикIаб ишалъулъ битIккейги. Нижер жамагIат гIадин нужедаса Аллагьги разилъаги!

**ХъахIабросдал жамагIат**


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 28. 11.16 г. 18.20
фактически -19. 40 мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.